# АДЫГЭБЗЭМ ЭТИМОЛОГИЕ ЛЪАБЖЬЭ ЗИIЭУ ЩЫУХУЭ ПСАЛЪЭХЭР

**2012 - Бер Хьикмэт**

Макъыбзэу щыт адыгэбзэм и къежьапIэр цIыхум (хьэ) макъхэр къызщыхигъэIукIам дежрауэ лъытапхъэщ. Псэлъэбзэм къежьапIэ хуэхъу лэжьэкIэ зиIэрщ макъыбзэри, ар макъхэр утыку къызэрихьа щIыкIэр я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зыхэлэжьыхь лэжьэкIэ зиIэ бзэращ.

Псэлъэбзэм и къежьапIэ макъыбзэр зэрызекIуэрэ зэрыужьым ипкъ иткIэ, макъхэри къызэрыхъуа щIыкIэр зэрилъабжьэкIэрэ мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ мэбагъуэр. Мыпхуэдэщ адыгэбзэм и макъ нэхъыбэри, къызэрыхъуа мыхьэнэм нэмыщI, ар зэрилъабжьэкIэрэ бзэм щыхэлэжьыхькIэ макъ мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зиубгъуу, псалъэ къэхъуныгъэкIэрэ ягъэзащIэри зэрызэлъытэныгъэкIэрэ зэщхьэщокIыр. Ар щыхъукIи, зэхуэдэ макъкIэрэ ухуа псалъэхэм зэрызэлъытэныгъэ зыхуаIэрэ икIи зэхуэмыдэу лъытапхъэ Iуэхугъуэхэр къаIуэтэфри, псалъэ нэхъыбэри макъ нэхъыхэм хуэдэжу мыхьэнэбэщ.

Ауэ, псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкIэу зэрыухуэм нэмыщI, символизмэрэ егъэщхьыныгъэ хуэдэ щIыкIэкIэ щыухуэи щыIэщ; икIи, зы псалъэр макъыбзэ лэжьэкIэу ухуами, ар зытеухуа Iуэхугъуэм нэмыщI гуэрхэри къызэрыIуатэу бзэм щызэрызекIуэи щыIэщ. НытIэ, мыпхуэдэ псалъэхэм я мыхьэнэм щыгъуазэ хуэхъун папщIэ, ахэр мы зи гугъу тщIа щIыкIэкIэ зэрыухуам гулъытэ хуэпщIын хуейщ. Макъ мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ икIэ нэгъунэ гурыIуэгъуэ къыпхуэмыхъу мыпхуэдэ псалъэхэр къэгъэунэхуныр "этимологие" жыхуаIэ дициплинэм и Iуэхуу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Макъыр мыхьэнэншэу зылъытэ нобэрей бзэщIэныгъэм и Iуэхур псэлъэпкъым дежращ къыздыщIидзэри, абы и зы дициплинэ Iыхьэ этимологием и къалэнри зэрыигъуэу псалъэращ зытеухуар. Аращи, нобэ утыку ит этимологием псалъэхэм я лъабжьэхэр къэхутэныгъэу къалэн зыхуищIар макъ мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ псалъэхэр зэрыухуэм хуэкIуэкъым; абы и лэжьыгъэр зытеухуар макъыбзэ нэужь бзэ лэжьэкIэрэ псалъэ къэхъукIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэми гурыIуэгъуэ зэращIщи, этимологие дициплинэм и гъунапкъэр макъыбзэращ, макъыбзэ лэжьэкIэращ. Нобэ этимологием лъабжьэ къыщIэгъэщынкIэрэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхулъэмыIэсыфын хуэдизу жыжьагъ зиIэрщ макъыбзэри, ар этимологиер зыдэIэбэфым адэкIэ къыщыхъуа бзэ лэжьэкIэращ. Макъыбзэр псэущхьэм и псэ ужьыгъуэу, къызхигъэIукI макъхэр зи лъабжьэу ухуэ псэлъэбзэращи, абы и псалъэхэр нобэрей этимологием къэгъэунэхун и хабзэ псалъэхэм елъытауэ нэхъыжьыIуэрэ мыхьэнэкIи куу Iуэщ.

Макъхэр псэущхьэм къызхигъэIукIыу щыщIидзар зи къежьапIэ макъыбзэ лэжьэкIэм илъытэр и щыIэгъуэкIэрэщ зэрилъытэри, мыпхуэдэу

ухуэ псалъэм и мыхьэнэр философиерэ онтологие лIэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Философиерэ онтологиекIэ хуэщIауэ зы бзэ лэжьэкIэу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэи, бзэ къежьапIэрэ бзэжь лэжьэкIэу тлъыта макъыбзэр икIи сытым дежи псэлъэбзэ итыгъуэр зыIыгъыфыну зы бзэщIэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Мы псалъэм гурыIуэгъуэ зэрищIщи, макъыбзэ лэжьэкIэу ухуа зы псалъэр щыIэр и щыIэгъуэрэ и щыIэкIэкIэ зэрилъытэм папщIэ, жьыи хъукъым. Ар щыхъукIи, макъыбзэ лэжьэкIэу къэхъуа зы псалъэр къыщыхъуа зэманыгъуэр нэхъыбэм деж зэхэгъэкIыгъуафIэу щыткъым. Ауэ, етимологием и Iуэхур нэхъыбэу зытеухуар цIыху псэукIэрэ щIыкIэм елъытауэ ухуэ псалъэхэращи, псалъэр утыку къыщихьа зэманыгъуэри зылъытэфырщ. Аращ икIии, этимологие лъабжьэ зиIэу бзэм хэлэжьыхь зы псалъэр утыку къызэрихьамрэ бзэм къигъуэгурыкIуар зэманыгъуэкIи къэпщытэгъуафIэщ.

НытIэ, макъыбзэр псэлъэбзэ къежьапIэу зэрыщытрэ, икIи этимологиер зыдынэсыф зэманыгъуэм адэкIэ щызекIуэу зэрыщытами зэрезэгъщи, макъыбзэ лэжьэкIэу ухуарэ зытеухуам нэмыщI Iуэхугъуэхэри къызэрыIуатэкIэрэ бзэм щызекIуэ псалъэхэр зэрыигъуэкIэрэ къэзыхутэну этимологиер нэхъ зэманыгъуэ жыжьэхэм зэрыIэбэфынури гурыIуэгъуэнщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи тIэ, макъыбзэ лэжьэкIэкIэ ухуа псалъэхэу этимологие лъабжьэ зиIэу бзэм хэлэжьыхь щапхъэхэми зэрелъытакIэрэ этимологиер адыгэбзэкIэ зыдэIэбэф жыжьагъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

Мы лэжьыгъэр зытеухуар зы гуэдз лъэпкъыр къызэрыIуатэу адыгэбзэм хэт "хьэ" псалъэр зыхэту ухуа псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэм этимологиеу гулъытэ хуэщIынращ; икIи, мы псалъэхэр зытеухуауэ къызэрыхъуа Iуэхугъуэхэм нэмыщI, абыхэм елъытэныгъэрэ пыщIэныгъэ зиIэу лъытапхъэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри къызэрыIуатэу бзэм зэрыхэлэжьыхьми щыгъуазэ хуэхъунращ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, "хьэ" псалъэм мыхьэнищ иIэущ адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри, абыхэм щыщ зыращ мыбдежым этимологие лэжьэкIэу зи гугъу тщIынур. "Хьэ" псалъэр псэлъэбзэр зыхуэухуа цIыхум езым япэу зызэрилъытэжа псалъэу зэрыщытым нэмыщI, нэгъуэщI псэущхьэ гуэрхэри зэрилъыта псалъэу адыгэбзэм зэрыхэтыр гурыIуэгъуэщ. ЦIыхумрэ псэущхьэ лъэпкъ гуэрхэр зэрылъыта "хьэ" псалъэхэри этимологие лъабжьэ яхуэхъуу псалъэхэр къызтехъукIахэрщ, ауэ мы тхыгъэр абыхэм хэхьэнукъым.

Зы къэкIыгъэ лIэужьыгъуэу цIыхум япэ дыдэ хисарэ зырихьэлIэжу шхыныгъуэ къызхиха гуэдз лъэпкъыр адыгэбзэм "хьэ"уэ зэрилъыта хъуам и лъабжьэр наIуэ дыдэу мылъытапхъэми, ар адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэм къигъэщIа псалъэу лъытапхъэщ. Мы къэкIыгъэр цIыхум япэ дыдэ минипщI хуэдиз ипэкIэ мэшу щыхисарэ къыздыщигъэкIари Ахын (ХыфIыцIэ) къуэкIыпIэ гъунэ щIыналъэхэрауэщ щIэныгъэ къэхутэгъуэ

гуэрхэм зэралъытэр; икIи, мы къэкIыгъэм и цIэу ялъытари ар адыгэбзэм къызэриIуатэ щIыкIэу "хьэ"уэщ. Мыбыи зэрезэгъщи, "хьэ" псалъэр а лъэхъэнэм щызекIуэ адыгэбзэм къигъэщIауэ къыщIэкIынщ.

Мы тхыгъэкIэ ди Iуэхур мы гуэдз лъэпкъыр зэрылъыта "хьэ" псалъэм къытехъукIыж псалъэхэр нэгъуэщI къэкIыгъэрэ гуэдз лъэпкъхэм теухуа Iуэхугъуэри къызэрыIуатэкIэрэ бзэм зэрызекIуэм щыгъуазэ дыхуэхъунращ; икIи, зы гуэдз лъэпкъыр зэрылъыта мы "хьэ" макъ псалъэм къытехъукIа псалъэ гуэрхэри – абы ипэIуэкIэ къэхъуа псалъэхэр лъабжьэ зэрыхуэхъужкIэрэ- зэрыухуам щыгъуазэ зыхуэтщIынращ.

Аращи, "вэн-сэн" Iуэхугъуэу япэрауэ "хьэ"р зыхэсэ щIы IэнатIэ лъагъуэр къызэрыIуатэ псалъэу зэрыухуар гурыIуэгъуэщ "**хьэсэ**" псалъэри, ар иужькIэ дэтхэнэ зы жылэ лIэужьыгъуэр зыхсэ щIыпIэ Iыхьэ лъагъуэри зэрылъытэу бзэм щызекIуэ зэрыхъуари гурыIуэгъуэщ.

Гуэдз лъэпкъ къэкIыгъэ "хьэ"м и щхьэмыжым ирищIэ и зы гуэдзыр (гуэдз закъуэр) зэрылъытэ щIыкIэу ухуауэ зэрыщытыр гурыIуэгъущ "**хьэдзэ**" псалъэри, ари иужькIэ дэтхэнэ зы гуэдз пкъыгъуэ закъуэр зэрылъытэу бзэм хэлэжьыхьу щызекIуэ зэрыхъуар гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, "хьэдзэ"р зы пкъыгъуэ цIыкIуу зэрыщытым зэрегъэкIуакIэрэ, - гуэдз лъэпкъыу шымытми-, дэтхэнэ зы пкъыгъуэ цIыкIури "хьэдзэ" псалъэмкIэ зэрылъытэу бзэм щызекIуэ зэрыхъуар гурыIуэгъуэщ. Мыбы теухуа зы щапхъэщ "зыри сиIэкъым" псалъэм ипIэкIэ "зы хьэдзэ сиIэкъым" жыIэгъуэр.

ЦIыху шхыныгъуэ хьэ хьэдзэхэр хьэ къэкIыгъэрэ щхьэмыжыр зэхагъэщащэу зэраIуэкIэрэщ къызэрыхахри, мыпхуэдэу зэхэгъэщэщарэ Iуа хьэ къэкIыгъэ жыгъейр зэрыигъуэу "**хьэуазэ**"уэщ зэрылъытари, а псалъэри иужькIэ дэтхэнэ зы къэкIыгъэ Iуагъэ жыгъейри зэрылъытэу бзэм щызекIуэу зэрыщIидзари гурыIуэгъуэщ. Хьэ къэкIыгъэ Iуагъэм "хьэдзэ"рэ "хьэцэпэцэ"р зэхэгъэкIын папщIэ, жьы къепщэм худырапхъейрэ уэм хуэгъэзу зэрыщытри къызыхэщу зэрыухуари гулъытапхъэщ мы зи гугъу тщIа "хьэуазэ" псалъэр.

Хьэуазэр жьы къепщэм зэрыхудырапхъейкIэрэ зэракIыщтэри япэрауэ "хьэ хьэуазэ"м теухуауэ зэрагъэзэщIар ар зэращI Iэмэпсымэр къызэрыIуэта "**хьэнцэ**" псалъэм гурыIуэгъуэ къещIыр. "Хьэнцэ" псалъэр "хьэ"м теухуауэ зэрыухуам нэмыщI, хьэ къэкIыгъэ Iуагъэр уэрэ жьы къепщэм дырапхъейуэ зэрыхуагъазэр къызэрыхэщу "хьэуазэ" псалъэр зэрыухуам ещхьэщи, хьэуазэр мы зэрыдырапхъейр ар цым хуэдэу зэрызэщIэпхъыр (цэ) къызхэщ псалъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ "хьэнцэ"р. ХьэнцэкIэ гъэзащщIэ мы Iуэхугъуэри "кIыщтэн" псалъэмкIэщ зэрылъытари, а псалъэм "хьэнцэ" жыхуэтIэр кIы зиIэ зы Iэмэпсымэу зэрыщытыр къызэрыхэщри гурыIуэгъуэщ. Мы Iэмэпсымэр (хьэнцэ) иужькIэ дэтхэнэ зы къэкIыгъэм и хьэуазэр якIыщтэм папщIэ зырахьэу щытащ, ауэ "хьэнцэ" псалъэр зэхъуэкIакъым. Ауэ икIи, дэтхэнэ зы хьэуазэ лIэужьыгъуэр зэрыдырапхъей Iэмэпсымэу зэрахьэу зэрыщытам къыщымынэу, "хьэнцэ" е

″хьэнцэ″м хуэдэ Iэмэпсымэ гуэрхэр иужькIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм папщIи (пп: щIы къэтIын, вэнвей идзын) зэрахьэу щытащи, ахэри мы зи гугъу тщIа ″хьэнцэ″ущ зэралъытар.

″Хьэ″м теухуауэ ухуарэ иужькIэ дэтхэнэ зы мэш-мэкъу Iуэхугъуэми теухуауэ адыгэбзэм хэт псалъэр мащIэкъым. Мыпхуэдэ щапхъэщ ″**хьэцэпэцэ, хьэпэцыпэ**″ псалъэхэри, ахэри ″хьэ″м теухуауэ зэрыухуар гурыIуэгъуэщ, ауэ иужькIэ дэтхэнэ зы удз лIэужьыгъуэ къэкIыгъэ зэхэщэща пкъыгъуэ цIыкIурэ жьгъейр зэрылъытэ псалъэу бзэм щызекIуэу зэрыщIидзари гурыIуэгъуэщ. КъырахьэлIэжа мэшрэ мэкъур зэрызэтыралъхьэ, зыщаIуэ, зыщIалъхьэр къызэрыIуэта псалъэхэри япэ дыдэу ″хьэ″м теухуауэ зэрыщытар гурыIуэгъуэнщи, мыр къызыхэщ псалъэхэрщ мыхэри: «**хьэм, хьэмэ, хьэмэщ**».

ЦIыхум япэ дыдэу хисэрэ зырихьэлIэжу щыта гуэдз лъэпкъ ″хьэ″м къыхищIыкIыу щыта шхыныгъуэхэри зэрыигъуэкIэрэ ″хьэ″ псалъэ зыхэту зэрыухуэнур гурыIуэгъуэнщ; икIи, апхуэдэ шхыныгъуэхэр зэрылъыта псалъэхэр иужькIэ нэгъуэщI гуэдз лIэужьыгъуэхэм къыхэщIыкI шхыныгъуэхэри къызэрыIуатэу бзэм щызэрызекIуэнури гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ ″хьэ, тхъу, псы″ зэхэлъу ящI зы шхыныгъуэри, къызэрыIуэта псалъэм ар япэу ″хьэ″м къызэрыхэщIыкIар гурыIуэгъуэ къэщIыр, ауэ иужькIэ ″хьэ″м нэмыщI кхъулэ лIэужьыгъуэу абы хэхьар зэрымымащIэри гурыIуэгъуэщ: «**хьэтхъупс - хьэнтхъупс**».

″Хьэ″м къызэрыхэщIыкIар псалъэр зэрыухуам гурыIуэгъуэ къэщIри, мыпхуэдэ зы шхыныгъуэщ ″**хьэвыбэ**″ жыхуаIэр. А псалъэр зэрыухуа щIыкIэм а шхыныгъуэр ″хьэ″ куэдыщэ ягъавэу зэращIыр гурыIуэгъуэ къэщIыр. А шхыныгъуэр нобэм къызэрыса щIыкIэр хугум къыхащIыкIрэ лIам хуащI хьэдэIус лIэужьыгъуэу зэрыщытращ ″хьэвыбэ″ псалъэр ди псэлъалъэм зэрыхэтыр. Ар лIам хуащI шхыныгъуэу щылъытэм деж, ″**хьэлIамэ**″ псалъэри уигу къокIыр. Ауэ, мы псалъэм хэт ″лI″ макъыр зытеухуар а шхыныгъуэр лIам зэрыхуащIра, хьэмэрэ, хьэр ягъавэрэ зэрыхъун хуеипIэм зэрыхуэкIуэрэ зэрыращIылIэра, ар наIуэу жыIэпхъэкъым. Дауи, ″хьэлIамэ″ри хьэм къыхащIыкI шхыныгъуэу зэрыщытыр псалъэр зэрыухуам гурыIуэгъуэ къэщIри, икIи ар зэращI щIыкIэри хьэр икIэ нэгъунэ ягъавэу зэрагъалIэкIэрэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. ″ХьэлIамэ″р япэрауэ ″хьэ″ теухуа зы шхыныгъуэ лIэужьыгъуэу щытами, иужькIэ ари нэгъуэщI гуэдз лъэпкъхэм къыхащIыкIыу зэрыщытар гурыIуэгъуэнщ; ауэ, сыткIи ярещI, зэрылъытэ псалъэр зэхъуэкIакъым; икIи, а шхыныгъуэр нобэм къызэрысари хугурэ нартыху тхьэвым къыхащIыкIыу ягъэвэ шхыныгъуэ лIэужьыгъуэущ.

″Хьэвыбэ″рэ ″хьэлIамэ″ псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэр фIэкIыпIэ имыIэу тегъэщIапIэ зыхуэхъур хьэр зэрыхьэдзэу зэрагъавэрауэ жыIэпхъэкъым, ауэ а псалъэхэмкIэ къэIуатэ шхыныгъуэхэр ″хьэ″м къызэрыхэщIыкIыу щытам гурыщхъуэ телъкъым. Ауэ, мы шхыныгъуэхэр иужькIэ хьэдзэхэр яущэбрэ зэхапщэу хьэ хупцIынэрэ ″хьэ тхьэв″ым къыхащIыкIыу зэрыщIидзари

гурыӀуэгъуэщ. ″ХупцӀынэ″ псалъэр ″ху″м теухуауэ зэрыщытрэ, ″ху″ри – абы иужьыӀуэ ″нартыху″ри- ″хьэ″ нэужьу зэрыщытари гурыӀуэгъуэщ; ауэ, ″хьэ″м къыхащӀыкӀ шхыныгъуэр иужькӀэ ″ху″рэ ″нартыху″кӀэрэ щӀами, зэрылъытэрэ къызэрыӀуэта псалъэхэр зэхъуэкӀакъым.

Мы зи гугъу тщӀарэ ″хьэ″м къыхащӀыкӀыу щыта шхыныгъуэхэр япэрауэ ″хьэ″р зэры″хьэдзэ″у ящӀыу зэрыщытар гурыӀуэгъуэнщ; мыпхуэдэ еплъыкӀэр икӀи щӀэныгъэхутэхэри щӀэгъэкъуэн зэрыхуэхъу еплъыкӀэрщ. Аращи, цӀыхум япэу вэн-сэн ӀуэхугъуэкӀэ къигъэкӀа ″хьэ″р зэришхыу зэрыщыта щӀыкӀэр ″хьэ хьэдзэ″хэр ″игъэгъу, игъэлыгъуэ″ущ зэралъытэри, иужькӀи ″игъавэ″у зэрыщытаращ зэралъытэр. Арагъэнти, цӀыхум хьэр иущэбрэ ихьэжэу щӀидза нэужь, абы и тхьэвым къыхищӀыкӀыу зэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэщ хьэ лӀэужьыгъуэ шхыныгъуэщӀэхэри, мы шхыныгъуэхэри зэрилъытар хьэр зэрыхьэдзэкӀэрэ ищӀыу щыта шхыныгъуэхэр къызэриӀуатэу щыта псалъэхэмкӀэрэщ. Ауэ мыбыи къыщымынэу, а шхыныгъуэхэр къызхащӀыкӀыр (хьэ ипӀэкӀэ хурэ нэртыху) зэхъуэкӀа нэужьи псалъэхэр зэмыхъуэкӀауэщ бзэм щызэрызекӀуари, мыращ икӀи ахуэдэ псалъэхэм этимологие лъабжьэ яӀэу зэрылъытапхъэр.

Нобэ дэтхэнэ зы гуэдз лъэпкъ хьэжар зэрылъытэ ″**хьэжыгъэ**″ри, мы ягъэзащӀэ Ӏуэхугъуэр къызэрыӀуатэ ″**хьэжэн**″ псалъэри япэрауэ ″хьэ″м теухуауэ утыку къызэрихьар псалъэхэр зэрыухуа щӀыкӀэм гурыӀуэгъуэ къещӀыр.

Адыгэбзэм хэт ″**хьэку**″ псалъэри къызтехъукӀар ″хьэ″рауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ; икӀи, цӀыхум япэу къигъэкӀа гуэдз лъэпкъыу щыт хьэр ихьэжэрэ тхьэву зэхэпщэныр къимыгъэунэху ипэкӀэ, ар зэры″хьэдзэ″у игъэлыгъуэрэ ишхыу зэрыщытаращ зэралъытэри, мы Ӏуэхугъуэми зэрезэгъыр жыӀэпхъэщ ″хьэку″ псалъэри зэрыухуа щӀыкӀэм. Аращи, щӀэныгъэм зэрилъытэр ″хьэ″ хьэдзэхэр ″ятӀэ гъэгъуа, кхъуэщын, мывэ″ зэхуа″ку″м дэкӀутауэ ягъэлыгъуэу зэрыщытаращи, адыгэбзэм и ″хьэку″ псалъэр зэрыухуа щӀыкӀэм хьэ хьэдзэхэр мы зэрагъэлыгъуэ щӀыкӀэрэ щӀыпӀэр гурыӀуэгъуэ къыпхуищӀыуи жыӀэпхъэщ. Нобэ щӀакхъуэрэ хьэлыгъу щыдгъажьэу технологиеу ужьа хьэкум къежьапӀэ хуэхъуарэ икӀи ар къызэрыӀуэта псалъэр зэрыухуа щӀыкӀэри мырагъэнщ.

Мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъщи, адыгэбзэм хэт ″**хьэлыгъу**″ псалъэм и лъабжьэри ″хьэ хьэдзэхэр гъэлыгъуэн″ Ӏуэхугъуэу щытауэ лъытапхъэщ. Арагъэнщи, нобэ къэбэрдеибзэм ″щӀакхъуэ″ жыхуэтӀэм ипӀэкӀэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэ нэхъыбэм ″хьэлыгъу″у хэт псалъэр цӀыхум япэу къигъэкӀа гуэдз лъэпкъ ″хьэ″р зэры″хьэдзэ″у игъэлъыгъуэу щыщыта зэманыгъуэм къыщӀэныжа зы псалъэу лъытапхъэщ.

″Хьэлыгъу″ псалъэм елъытауэ ″щӀакхъуэ″ псалъэр зэманыгъуэфӀкӀэ иужь къэхъуа псалъэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, къызхэщӀыкӀар – ар гурыӀуэгъуэу зэрыщытым папщӀэрагъэнти- къызхэмыщу ухуа ″щӀакхъуэ″ псалъэр тхьэвыр зэрагъэтеджкӀэрэ (кхъу) зэращӀыр (щӀ) къызхэщ псалъэу зэрыухуари гулъытапхъэщ. Къэбэрдеибзэм ″щӀакхъуэ″

псалъэм нэмыщӀ ″хьэлъыгъу″ псалъэри хэтщ, икӀи илъабжьэкӀэ къэтахэри ″хьэлыгъу″ лӀэужьыгъуэхэр къызэрыӀуатэ псалъэхэщ: «хъурейрэ икур къибзыкӀауэ ящӀ хьэлыгъур зэрылъытапхъэр ″хьэлъыгъу гъуанэ″ущи, ар зы псалъэ зэгуэт/зэхэлъу къызэрыӀуатэ ″**хьэлыгъугъуанэ**″р нобэ бзэм ″**хьэлыгъуанэ**″у щызекӀуэу хэтщ; хупцӀынэр яшыхьрэ яухуэну ящӀ хьэлыгъур ″хьэлыгъу шыхьа″рэ ″хьэлыгъу шыхь″у къэӀуэтапхъэщи, ари зы псалъэ зэгуэту къызэрыӀуатэ ″**хьэлыгъушыхь**″ыр нобэм къэсыху ″**хьэлушыхь**″у зэрызэхъуэкӀари гулъытапхъэщ».

Макъыбзэ лэжьэкӀэкӀэ ухуэ псалъэм макъ хэкӀуэдыкӀынрэ, и псалъэ гуэрым макъ зэрыхэкӀуэдыкӀкӀэрэ псалъэ зэгуэт/зэхэлъ зэрыухуэм теухуа щапхъэ щымащӀэ дыдэщ адыгэбзэм, ауэ мыбдежым псэлъитӀ зэгуэхьэу ухуа псалъэ зэгуэтхэр макъ хэкӀуэдыкӀыу зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэр утыку къызэрихьэри гулъытапхъэщ.

*

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщрэ щӀэныгъэми зэрилъытэм зэрезэгъщи, ″хьэлыгъу″ псалъэр зэрыухуар ″хьэ хьэдзэхэр ягъэлыгъуэ″у зэрыщытарауэ жыӀэпхъэщ. Ауэ, къызхащӀыкӀрэ зэращӀ щӀыкӀэр къызхэщу ухуа ″хьэлыгъу″ псалъэм ″хьэ″м нэмыщӀыу хиубыдэ ″лыгъу″ псалъэми щыгъуазэ хуэхъун хуейщи, псалъэр зэрызэпкъырылъ ″л, гъу″ Ӏыхьэхэм ягъэзащӀэм деплъынщ.

Псалъэм ″л, гъу″ макъ мыхьэнэкӀэрэ узэреджэфынум нэмыщӀ, ″л″ырэ ″гъу″м къытехъукӀа ″макъ псалъэ″ лъэныкъуэкӀи узэреджэфынур гурыӀуэгъуэнщ; икӀи, псалъэр зэрыухуа дэтхэнэ зы макъыр и мыхьэнэкӀэрэ, адрей макъми ″макъ псалъэ″у узэреджэфынури гурыӀуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэ псалъэ нэхъыбэм хуэдэу, ″лыгъу″ псалъэри зэмылӀэужьыгъуэу узэреджапхъэу мыхьэнэбзэ псалъэщ. НытӀэ, ″лыгъун″ псалъэр дыгъэ бзийрэ мафӀэ бзийхэм зыгуэрыр зэригъэгъур къызэрыӀуатэ псалъэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мы псалъэм хиубыдэ ″гъу″ Ӏыхьэр ″гъун″ глагол лэжьэкӀэу зэрыщытри мы ипэкӀэ жытӀахэм къызэрыхэщыр гурыӀуэгъуэщ. Псалъэм и зы Ӏыхьэу щыт ″гъу(н)″р мы зэрыжытӀауэ наӀуэ къыщытхуэхъуащи, псалъэр зытеухуа Ӏуэхугъуэм ехьэлӀауэ ″л″ макъым псалъэм хигъэзэщӀыхьыр къэгъэунэхун зэрыхуейри гурыӀуэгъуэнщ.

″Лыгъун″ псалъэм ″л″ макъым хигъэзэщӀыхьыр дыгъэ бзийрэ мафӀэ бзийхэр зы линием тету зэрызекӀуэр зэрылъытэращи, мыри ″л″ макъым къытехъукӀа ″лын, лэн″ макъ глаголхэм зэрытеухуар гулъытапхъэщ. Ар щыхъукӀэ, ″л″ макъым ″лыгъун″ псалъэм хигъэзэщӀыхьыр къызэрыӀуатэр ″лын, лэн″ глагол мыхьэнэкӀэрэщи, мы глаголхэмкӀэрэ гъэзащӀэр ″блэн″ Ӏуэхугъуэм зэрытеухуари гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, ″лыгъун″ псалъэм хэт ″л″ макъым ″макъ мыхьэнэ″кӀэрэи, икӀи ″макъ глагол″хэу ″лын, лэн″ мыхьэнэкӀэрэи узэреджэр зэщхьэщыкӀкъым. Мыпхуэдэу, ″л″ макъ мыхьэнэкӀэрэ ухуапхъэрэ икӀи ″лын, лэн″ глаголхэм

къытехъукӀыпхъэ нэгъуэщӀ псалъэхэр зэрыщыӀэри гурыӀуэгъуэщ: «лыдын, лыбын – къэлыбын, лыгъэ, лыгъей, лыгъае, лые, лыгъуэ, лыгъуэн».

Мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи тӀэ, ″л″ макъ мыхьэнэкӀэрэ икӀи ″лын, лэн″ глагол мыхьэнэкӀэрэ еджапхъэу дыгъэрэ мафӀэ бзий ″лыгъей″кӀэрэ гъэзащӀэ ″гъун″ Ӏуэхугъуэу лъытапхъэщ ″лыгъун″ псалъэр зытеухуар.

Ауэ, ″л″ макъ мыхьэнэрэ ″лын, лэн″ макъ глаголхэм къытехъукӀауэ лъытапхъэу мы ипэкӀэ къэта псалъэхэр икӀи ″л″ макъым къытехъукӀа зы ″макъ псалъэ″у щыт ″лы″м теухуауи зэреджапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, нэхъыбэуи ипэкӀэ зи гугъу тщӀа ″лъыгъун″ псалъэм узэреджэфыну зы щӀыкӀэр псалъэм хиубыдэ ″л″ макъым ″лы″ макъ псалъэу зэрылъытапхъэкӀэрэщ. Мыпхуэдэ еджэкӀэр ″лыгъун″ псалъэр этимологие лӀэужьыгъуэу зэрылъытэ щӀыкӀэрщ.

Мыпхуэдэщ макъыбзэ лэжьэкӀэр зи лъабжьэу ухуэ псалъэхэм узэрызэджэфыну щӀыкӀэхэри, макъ нэхъыбэр зы мыхьэнэ лъабжьэм къытехъукӀыу бзэм мыхьэнэбгъуэрэ мыхьэнэбэ зэрыхэхъухьыфым папщӀэрэ, икӀи макъхэм ″макъ псалъэ″хэри къызэрытехъукӀыфым папщӀэщи, псалъэм хиубыдэ макъхэм мыпхуэдэ лъэныкъуэхэмкӀэ гулъытэ зэрыхуэпщӀкӀэрэ узэреджэфынур гурыӀуэгъуэщ. Зы псалъэр мы зэреджапхъэхэм щыщу зэрыухуа щӀыкӀэр зэрызэхэбгъэкӀынури псалъэр зытеухуа Ӏуэхугъуэр зэрыплъытэкӀэрэщ. Ауэ, мыбдежым зы щапхъэу зи гугъу тщӀы псалъэм (лыгъун) хуэдэу, узэреджэф щӀыкӀэхэр зэхуэдэу игъуэ щыхъуи щыӀэщи, мыри къызтехъукӀыр псалъэм узэреджэну щӀыкӀэхэр макъ мыхьэнэ лъабжьэкӀэрэ зэлъытарэ зэпыщӀауэ зэрыщытращ.

Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, зи гугъу тщӀа псалъэм (лыгъун) хиубыдэ ″л″ макъым и ″макъ мыхьэнэ″рэ ″лын, лэн″ глаголкӀэрэ узэреджэфым нэмыщӀ, ″л″ макъым зы ″макъ псалъэ″у къытехъукӀа ″лы″уи узэреджэфынур гурыӀуэгъуэщи, этимологие еджэкӀэу къытпэщыр мы иужьрей еджэкӀэр икӀи ″лы″р цӀыхум и шхыныгъуэ нэхъыщхьэрэ япэрейрауэ зэрыщытри щӀэгъэкъуэн зыхуэхъу еджэкӀэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. ИлъабжьэкӀэ къэтхьыну щапхъэхэри тегъэщӀапӀэ зыхуэхъур ″лыгъу″ псалъэр ″лы″м теухуауэ зэрыщыт мы еджэкӀэращ. Арагъэнщи, ″лыгъу, лыгъун″ псалъэхэр япэу ″лы″м теухуауэ ухуагъэнти, лым иращӀылӀэ мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэр нэгъуэщӀ шхыныгъуэхэми зэрыращӀылӀэрэ икӀи мы иращӀылӀэр зи гугъу тщӀа мы псалъэхэмкӀэ къызэрыӀуатэу бзэм щызекӀуэу щӀидзауэ къыщӀэкӀынщ. НытӀэ, мы жытӀар тегъэщӀапӀэ зыхуэщӀыпхъэ псалъэхэм мы илъабжьэкӀэ деплъынщ.

*

Мы псалъэхэр ″лы″м теухуауэ зэрылъытапхъэм щӀэныгъэ къэхутэныгъэхэри щӀэгъэкъуэн зэрыхуэхъур гурыӀуэгъуэщ; икӀи, цӀыхур япэу лыш лъэпкъыу щытауэщ зэрылъытэр. Аращи, цӀыхум - е ар къызтехъукӀа псэущхьэм (хьэ)- лыр япэрауэ цӀынэу ишхыу щытагъэнти, имышхыфыр игъэтӀылъу игъуэр къыщыскӀэ зэришхыжыфынум гулъытэ

зэрыхуищӀым къыкӀэлъыкӀуэу, лыр игъэгъунри къигъэунэхуагъэнщ. Лышх зы псэущхьэу щыта цӀыхум гъэгъун Ӏуэхугъуэр япэу "лы"м теухуа игъэзащӀэу зэрыщытыпхъэр гурыӀуэгъуэнщи, лыр зэрыгъурэ зэрыгъэгъум къытехъукӀауэ жыӀэпхъэщ икӀи "**лыгъун, лыгъуэн, гъэлыгъуэн**" псалъэхэр. Мыпхуэдэу игъэгъуа лыр бзэм "**лы гъуа, лыгъу, лы гъур**"у къызэриӀуэтэнури гурыӀуэгъуэнщи, мы псалъэхэр нобэм къызэрысари гурыӀуэгъуэщ.

Лы гъэгъуныгъэр къэзгъэунэхуа цӀыхум (хьэ) иужькӀэ мафӀэри къигъуэтрэ къыщигъэунэхум, лыр мафӀэм зэрыригъэукӀэрэ игъэгъуу щӀидзагъэнти, ари зы "лы гъэгъун" лӀэужьыгъуэу зэрыщыткӀэрэ зэрыигъуэу "лыгъун" псалъэмкӀэ къызэрыӀуэтапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мафӀэм иригъэуу лыр мы зэригъэгъум къыщымынэу, иужькӀэ мафӀэм и фӀыгъэкӀэрэ лым ирищӀылӀэхэри "лыр зэригъэгъу"р къызэриӀуатэ мы псалъэмкӀэ къиӀуатэу щӀидзагъэнщ. Аращи, мафӀэр къимыгъэунэху ипэкӀи лыр зэригъэгъум теухуауэ къэхъуа псалъэхэр (лыгъун, лыгъуэн, гъэлыгъуэн) мафӀэр къигъэунэхуа нэужьми зэримыхъуэкӀыу, мафӀэмкӀэ лым ирищӀылӀэхэри а псалъэхэмкӀэрэ илъытэу мы псалъэхэр а зэрыщыту зэрихьэу зэрыщытар гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу зэрыщытыр икӀи мы псалъэхэр лым нэмыщӀ шхыныгъуэрэ Ӏуэхугъуэхэми теухуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхьми гурыӀуэгъуэ къытхуещӀыр.

"Лы"р зэригъэгъум теухуауэ къэхъуа псалъэхэр мафӀэр къигъэсэбэпуи игъэзащӀэти, лыр мафӀэ бзийм зэригъэукӀэрэ къэхъу зы Ӏуэхугъуэри аргуэру "лы"м теухуауэ къэӀуатэу "**лыцӀын, гъэлыцӀын**" псалъэхэри къэхъугъэнщ.

Мыбы нэмыщӀ, мафӀэр къызэрыщхьэпэр фӀыуэ къэзыгъэунэхуа цӀыхум и псэукӀэми зызэриужьым къыкӀэлъыкӀуэ лъэхъэнэхэрагъэнти, лыр зэригъэжьэн Ӏэмэпсымэм (жьэпхъалъэ) ирилъхьэрэ илъабжьэм мафӀэр зэрыщӀигъэстыжкӀэрэ зэригъажьэми "**лыбжьэн, гъэлыбжьэн, лыбжьэ**" псалъэхэр къытехъукӀагъэнщ. Аращи, япэ дыдэ "лы"м теухуауэ къилэжьа мы Ӏуэхугъуэр къызэрыӀуэта мы псалъэхэр иужькӀи зэмыхъуэкӀарэ а зэрыщыткӀэрэ "лы"м нэмыщӀ шхыныгъуэхэри зэрыгъажьэр къызэрыӀуатэу бзэм щызекӀуэу зэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэщи, нобэ "лы"м имызакъуэрэ хуэмыӀуауэ, лым нэмыщӀ шхыныгъуэхэу лыи зыхэмылъхэри мы зи гугъу тщӀа псалъэхэмкӀэщ къызэрыӀуатэр: «**джэд лыбжьэ, джэш лыбжьэ, къэб лыбжьэ, кӀэтӀыров лыбжьэ, бжьын лыбжьэ**».

Бзэм щызекӀуэу хэту къыщӀэкӀынт "вэн, гъэвэн" псалъэхэри, а Ӏуэхугъуэр лым теухуауэ зэрыгъэзащӀэри - ипэкӀэ ухуа псалъэхэр зэрыухуа щӀыкӀэм хуэдэжу- "лы" псалъэр зыхэту ухуэж псалъэмкӀэ къэӀуатэу бзэм хэхьауэ лъытапхъэщ. Аращи, гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэр щхьэжу "вэн, гъэвэн" псалъэмкӀэ къэӀуэтэфынуми, "лы"р цӀыхум и шхыныгъуэ нэхъыщхьэу зэрыщытрэ псалъэ къэхъукӀэ хабзэ зэрыхъуами зэрезэгъкӀэрэ "лы" псалъэ зыхэту ухуащ мы псалъэхэри: «**лывэн, гъэлывэн**».

Япэрей и шхыныгъуэ лыр зэригъавэр къызэриӀуатэ мы псалъэхэр иужькӀэ игъавэу ищӀ нэгъуэщӀ шхыныгъуэхэри къызэриӀуэтэжу бзэм щызекӀуэу зэрыщӀидзам теухуа щапхъэщ "**хьэлывэ**" псалъэри, ари "хьэ"м къызэрыхэщӀыкӀар къызхэщ псалъэщ. Зэрыухуа щӀыкӀэм къызэрыхэщщи, гъэвэн ӀуэгъуэкӀэщ "хьэлывэ"ри япэрауэ зэращӀ щӀыкӀэу къызэрежьар, ауэ ар иужькӀэ нэхъыбэу ягъажьэу зэращӀыр хабзэ зэрыхъуарагъэнти, ягъавэу ящӀ хьэлывэр "**псы хьэлывэ - псыхьэлывэ**"у ялъытэжагъэнщ. "Хьэлывэ" псалъэр "хьэ"рэ "лывэн ("вэн" ипӀэкӀэ)" псалъэ зэгухьэныгъэкӀэрэ зэрыухуам нэмыщӀ, икӀи псалъэм узэреджапхъэ зы лъэныкъуэри ар зэращӀ щӀыкӀэр абы "лы" дащӀыгъурэ далъхьэу зэрыщытарауэщ. Ауэ, мыпхуэдэу къежьарэ щытами, иужькӀэ абы нэгъуэщӀ гуэрхэр далъхьэу зэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэщи, ахэри псалъэр зэмыхъуэкӀыу "хьэлывэ" псалъэмкӀэрэщ къызэрыӀуэтар.

*

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, цӀыхум и япэрей шхыныгъуэ "лы"м ирищӀылӀэр иужьрей шхыныгъуэхэми ирищӀылӀэу къызэрыгъуэгурыкӀуэр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, "лы"м ирищӀылӀэу щытар къызэрыӀуатэ псалъэхэри лым ирищӀылӀэр зырищӀылӀэ иужьрей шхыныгъуэхэри къызэрыӀуатэ псалъэхэуи бзэм щызекӀуэу зэрыщытар гурыӀуэгъуэщ; ауэ икӀи, лым теухуауэ ипэкӀэ къэхъуауэ жыхуэтӀэ псалъэхэр иужькӀэ нэгъуэщӀ шхыныгъуэхэм теухуауэ гъэзащӀэхэр зэрылъытэ псалъэхэми лъабжьэ зэрыхуэхъуари гурыӀуэгъуэщ.

Лышх псэущхьэ лъэпкъыу щыт цӀыхум иужькӀэ лым нэмыщӀхэри ишхыу зэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэщи, а хабзэр цӀыхум къызэригъэунэхуамрэ япэрей мэш лӀэужьыгъуэу "хьэ"р къигъэкӀыу зэрыщӀидзам и зэхуакум зэманыгъуэфӀ зэрыдэлъынури гурыӀуэгъуэнщ. "Хьэ"м къытехъукӀа псалъэхэр иужькӀэ цӀыхум къигъэкӀ нэгъуэщӀ гуэдз лъэпкъхэм къыхищӀыкӀ шхыныгъуэхэри къызэриӀуатэу бзэм щызекӀуэу зэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэщи, "хьэ"м теухуауэ къэхъуа мы псалъэхэм къагъуэгурыкӀуар зэманыгъуэу зэрымымащӀэри гулъытапхъэщ. Ауэ, цӀыхум (хьэ) и япэрей шхыныгъуэ "лы"м ирищӀылӀэр къызэрыӀуатэу ухуа псалъэхэм (п.п: лыгъун) къагъуэгурыкӀуар цӀыхум и япэрей мэш лӀэужьыгъуэ "хьэ"м теухуахэм еплъытэ мыхъуфын хуэдизкӀэ зэманыгъуэшхуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

ЦӀыхум "вэн-сэн" Ӏуэхугъуэр къызэриубла гуэдз лъэпкъ "хьэ"м ирищӀылӀэрэ къыхищӀыкӀ шхыныгъуэхэр къызэрыӀуатэ псалъэхэр зэрыухуэм лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэр цӀыхум игъуэ щыхъукӀэ ишхын гугъэкӀэ "лы"р игъэгъуу зэрыщӀидзам къызэрикӀыр гулъытапхъэщи, лыр игъэгъун папщӀэ псэлъэбзэм зэрыхуэмыныкъуэнур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, а псэущхьэм лыр игъэгъуу е лы гъуар илъытэу къиӀуэтэн папщӀи псэлъэбзэр ухуарэ лажьэу щытын зэрыхуейри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, а псэущхьэм лыр зэрыгъум япэ дыдэ гулъытэ щыхуищӀам псэлъэбзэ ухуэныгъэр иджыри къыщӀимыдзауэ щытами, игъэгъун гугъэкӀэ лыр игъэтӀылъу

щыщӀидзам а псэущхьэм къызхигъэӀукӀ макъхэри хуэм хуэмурэ псэлъэбзэр зэрыухуэнум хуэунэтӀарэ хуэкӀуэу щӀидзагъэнт.

"Хьэ"р мэшу цӀыхум къигъэкӀыу щыщӀидза зэманыгъуэм хуэзэу "хьэ"м ирищӀылӀэрэ къыхищӀыкӀ шхыныгъуэхэр къызэрыӀуатэ псалъэхэм лъабжьэ хуэхъуащ "лы"ым ирищӀылӀэу щытахэр къызэрыӀуэта псалъэхэри, мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэкӀэу ухуа псалъэхэмрэ (п.п: лыгъу) ахэр этимологие лъабжьэ зэрыхуэхъукӀэрэ псалъэ ухуэныгъэми (хьэлыгъу) и зэхуакум дэлъ зэманыгъуэр - къэта щапхъэхэми (лыгъу, хьэлыгъу) зэрелъытащи- макъыбзэ лэжьэкӀэм и къежьапӀэмрэ этимологиер псэлъэбзэм и блэкӀам теухуауэ зылъэӀэсыфым щыгъуазэ ухуэзыщӀ зы зэманыгъуэ щапхъэщ. Ауэ икӀи, ар адыгэбзэм зэрытеухуаращ зи фӀыгъэри, этимологие лъабжьэ зиӀэу ухуауэ зи гугъу тщӀа псалъэхэр къыщыхъуа зэманыгъуэр этимологиер зыдэӀэбэфахэм елъытауэ зэманыгъуэшхуэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.